# Saylawdı shólkemlestiriw, olardı ótkeriw haqqındaǵı nızamshılıqtı buzıw jınaıy juwapkershilikke sebep boladı

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 146-statyasına tiykar:

Saylaw yamasa referendum shólkemlestiriw, olardı ótkeriw waqtında lawazımlı shaxslar, siyasiy partiyalar yamasa puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımlarınıń wákilleri, baslamashı toparlar yamasa saylaw yaki referendum komissiyaları aǵzaları tárepinen dawıs beriwdiń jasırınlıǵın buzıw, saylaw yamasa referendum hújjetlerin qálbekilestiriw, saylaw yamasa qol tańba betlerine qálbeki jazıwlar kirgiziw, berilgen dawıslardı bile tura nadurıs esaplaw:

-bazalıq esaplaw muǵdarınıń jigirma bes esesine shekemgi muǵdarda járiyma;

-úsh júz alpıs saatqa shekem májbúriy jámiyetlik jumıslar;

-bir jıldan úsh jılǵa shekem erkinlikti sheklew;

-úsh jılǵa shekem erkinlikten ayırıw jazası menen jazalanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ádillik ministrligi